

*Lopital Stamford ofri yon pwogram èd finansye ki ede pasyan kalifye ki san asirans oswa ki gen asirans ki pa sifi. Règleman Èd Finansye a kouvri sèlman ijans ak sèvis swen medikal ki nesesè, ki gen ladan sèvis Lopital ak kèk sèvis sèten doktè ofri ak kèk lòt anplwaye nan Lopital la. Lopital la angaje pou founi sèvis medikal pou kominote sa a kèlkeswa kapasite I pou peye.*

---

## REZIME ÈD FINANSYE A NAN LANGAJ ÖDINÈ

---

### Pwogram Èd Finansye (Financial Assistance Program, FAP)

Fason pou reponn ak kritè finansye yo revni anyèl ou nan kay la pa dwe depase kat (4) fwa Direktiv Federal aktyèl la sou Povrete.

#### Kijan pou Aplike:

Tout moun ki mande Èd Finansye dwe ranpli yon aplikasyon.

Kopi Rezime Èd Finansye nou an, Politik Èd Finansye ak Fòm Aplikasyon nou yo disponib sou sit entènèt nou an,  
<https://www.stamhealth.org/patients-visitors/fap/>

Epitou ou ka mande yon kopi Politik Èd Finansye a ak yon aplikasyon (ki disponib gratis nan lapòs) oswa mande èd avèk aplikasyon w lan lè w voye yon imèl bay Depatman Sèvis Kliyan nou an nan [CustomerServiceR@stamhealth.org](mailto:CustomerServiceR@stamhealth.org) oswa lè w rele Sèvis Kliyan an nan (203) 276-7572 oswa nan faks nan (203) 276-7093 oswa an pèsòn nan:

Stamford Health  
One Hospital Plaza  
Stamford, CT 06902

### Nou Ofri Politik Èd Finansye a, Rezime Aplikasyon ak Politik la nan lang sa yo:

Angle, Panyòl, Chinwa, Kreyòl, Franse, Grèk, Hindi, Italyen, Polonè ak Ris disponib sou demann oswa sou sit entènèt nou an –  
<https://www.stamhealth.org/patients-visitors/fap/>

### Founisè Endependan ki pa kapab patisipe nan Pwogram Èd Finansye nou an:

Gen kèk doktè, klinisyen oswa Radyològ, Anestezis, Patolojis, Sèvis Anbilans ak kèk Chirijen ki ede nan swen ou nan Stamford Health kapab pa patisipe nan Pwogram Èd Finansye nou an. Pou jwenn yon lis founisè sa yo, tanpri gade oswa telechaje politik FAP nou an oswa kontakte nou nan (203) 276-7572.

### Fon pou Kabann Gratis:

Ou ka kalifye pou resevwa fon pou kabann gratis ki gen restriksyon yo bay lopital la pou tretman ak departman espesifik. Ou ka kontakte nou nan (203) 276-7572 pou detèmine disponiblite.

### Limit Sou Sa w Dwe Peye:

Yo p ap fè moun ki kalifye pou FAP yo peye plis pase kantite lajan yo jeneralman fè moun peye pou swen yo bay moun ki gen pwoteksyon asirans.

*Yo ka refize Aplikasyon FAP yo si pasyan yo kalifye pou lòt sous finansman oswa pwoteksyon tankou Echanj Asirans Sante (QHP), Konpansasyon pou Travayè, Responsabilite, Aksidan Veyikil Amotè (Motor Vehicle Accident, MVA) oswa Medicaid, men yo pa vle fè demann oswa refize avantaj sa yo.*